



Pou Piblikasyon Imedya: 24/01/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE LONG BEACH AK LINDENHURST KÒM GAYAN
LONG ISLAND NAN KAD PREMÈ FAZ PWOGRAM NY FORWARD LA**

Vil Long Beach ak Vilaj Lindenhurst pral resevwa 4.5 milyon dola yo chak

*Nouvo pwogram NY Forward 100 milyon dola a baze sou elan inisyativ
revitalizasyon anba lavil reyisi a pou sipòte yon rekiperasyon ki pi ekitab pou
kominote New York ki pi piti ak riral yo*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke Vil Long Beach ak Vilaj Lindenhurst pral resevwa yo chak 4.5 milyon dola nan finansman kòm gayan rejyon Long Island yo nan kad premè faz NY Forward la. Baze sou elan Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil reyisi eta a, pwogram NY Forward 100 milyon dola a adopte menm estrateji "Planifye epi Aji" kòm DRI pou sipòte yon rekiperasyon anba lavil ki pi ekitab pou kominote New York ki pi piti ak riral yo. Nan kad Premè Faz NY Forward la, yo pral akòde de a twa prim bay kominote ki pi piti yo nan chak nan 10 rejyon devlopman ekonomik eta a pou sipòte devlopman ak aplikasyon yon plan revitalizasyon pou anba lavil yo.

"Anba lavil nou yo kreye yon sekou ekonomik vital pou anpil nan kominote ki pi piti nou yo pou yo pwospere, devlope, epi atenn tout potansyèl yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Pandan n ap kontinye ede biznis New York yo rekiperere apre pandemi an, n ap egzekite yon plan ekitab avèk NY Forward pou ranfòse distri biznis nou yo grasa plan reyisi Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil nou an".

[NY Forward](#) se yon eleman santral nan efò devlopman ekonomik eta a, k ap travay ansanm avèk DRI pou akselere ak elaji revitalizasyon anba lavil New York yo. NY Forward sèvi kominote ki pi piti yo avèk yon karaktè istorik ki distenge yo de pi gwo distri komèsyal santral iben yo ki finanse jeneralman atravè DRI. Kominote NY Forward yo se zòn ki adapte pou pyeton, mwens dans ki sèvi kominote lokal dirèk la, epi ki pi lokal nan nati - ki konsantre sou devlopman santre nan agrikilti rezidansyèl oswa riral zòn ki alantou yo.

Menm jan ak DRI, chak kominote NY Forward pral devlope yon Plan Envestisman Estratejik pou revitalize anba lavil li a atravè yon seri pwojè ki fasil pou egzekite. Depatman Deta a pral bay plis asistans teknik pou pi byen sipòte kominote ki pi piti yo ki ka gen mwens kapasite nan kad pwogram NY Forward la epi finanse pwojè ki

apwopriye pou gwosè chak kominote. Pwojè yo ka gen ladan renovasyon ak reyamenajman bilding, nouvo konstriksyon oswa kreyasyon nouvo espas piblik oswa amelyore espas piblik yo ak lòt pwojè ki ogmante kalite espesifik kiltirèl, istorik ki amelyore santiman cham ti vil yo.

Long Beach

Long Beach, ke yo rele "Vil bò lanmè a", yo sitou konnen li pou plaj li yo ak twotwa ki lye. Anba lavil Long Beach la gen ladan Distri Biznis Santral Park Avenue, ki gen plis pase 180 biznis. Vil Long Beach ap chèche amelyore estati anba lavil li kòm yon gwo destinasyon rejyonal nan elaji Inisyativ Lari Konplè (Complete Streets) Vil la pou entwodui nouvo mezi pou kalme trafik ak sikilasyon amelyore, sa ki fè wout prensipal li a vin pi adapte pou pyeton ak bisiklèt. Vil la vize tou pou ankouraje devlopman transpò piblik/entelijan ak ekitab, devlope biznis lokal ki deja egziste ak nouvo pou bay bon jan kalite travay epi elaji travay atistik, ansanm ak bati enfrastrikti rezistan.

Lindenhurst

Anba lavil Vilaj Lindenhurst defini pa yon nwayo Vilaj ki konpak epi ki adapte pou pyeton, ki gen ladan tou plizyè nan resous espas ouvè prensipal ak ekipman kominotè Vilaj la. Vilaj la gen yon objektif pou kreye yon anba lavil ki an sante, k ap pwospere ki atire biznis yo, vizitè yo ak rezidan yo. Pou ankouraje kwasans ekonomik nan anba lavil la, Vilaj la te deja angaje nan anpil efò planifikasyon, tankou kreye yon Zòn Flotan Distri Reyamenajman Anba Lavil la pou ankouraje devlopman ak reyamenajman rezidansyèl ak itilizasyon melanje sou sit ki nan yon distans kout ak LIRR ak distri biznis santral la. Lindenhurst vize baze sou efò sa yo nan kreye nouvo chwa depasman atravè plizyè mwayen nan ak ozalantou anba lavil la, transfòme pwopriyete ki pa ase itilize yo pou tounen espas komèsyal ak devlopman pou itilizasyon melanje ak envesti nan lojman ak ekipman kominotè.

Sekretè Deta a, Robert J. Rodriguez, te deklare, "Kominote anba lavil yo atravè eta a ap transfòme grasa apwòch inik 'planifye epi aji' New York la pou revitalizasyon anba lavil la, epi Long Beach ak Lindenhurst se premye kominote nan Long Island ki resevwa finansman atravè nouvo pwogram nou an - NY Forward. Finansman sa a pral ede Long Beach ak Lindenhurst reyalize vizyon kominotè yo pou rekiperyasyon anba lavil la epi ankouraje kwasans ekonomik ekitab pou jenerasyon k ap vini yo".

Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development lan, Hope Knight, te deklare, "NY Forward se yon katalizè pou revitalizasyon, k ap ede kominote lokal yo kreye nouvo opòtinite pou kwasans ak pwosperite ekonomik. Vil Long Beach ak Vilaj Lindenhurst pral benefisye anpil avèk finansman sa a, pandan y ap travay pou amelyore estati yo kòm destinasyon rejyonal epi ankouraje devlopman dirab ak ekitab. Sa pral non sèlman pote nouvo biznis nan zòn nan, men tou pral kreye anba lavil ki an sante ak pwospè ki atire rezidan, vizitè ak biznis".

Ko-prezidan Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal Long Island (Long Island Regional Economic Development Council, LIREDC) la ki se Linda Armyn, Direktè Estrateji ak Maketing Egzekitif nan Bethpage Federal Credit Union, ak Doktè

John Nader, Prezidan Farmingdale State College te deklare, "LIREDC kontan dèske yo te chwazi Vil Long Beach ak Vilaj Lindenhurst kòm benefisyè 4.5 milyon dola atravè NY Forward. Finansman sa a pral bay yon kout pous vital pou kominote ki pi piti ak riral yo, sa ki pèmèt yo kreye opòtinite pou kwasans ak pwosperite alontèm. Investisman ki fèt atravè NY Forward pral gen yon enpak transfòmasyon sou avni ekonomik kominote sa yo, epi nou espere wè chanjman pozitif yo k ap vini kòm rezilta".

Senatè Eta Monica R. Martinez te deklare, "Mwen bat bravo pou Gouvènè Hochul pou angajman inebnanlab li nan bay resous ki nesè pou kominote a pwospere. Vilaj Lindenhurst te konsantre sou kreye yon anba lavil ki adapte pou pyeton, ki dinamik ki priyorize bezwen rezidan li yo ak biznis yo epi ki pral sèvi kòm yon modèl pou lòt kominote yo swiv. Mwen espere wè enpak pozitif New York Forward ak lòt pwogram yo pral genyen sou ekonomi eta a ak kalite lavi jeneral pou Nouyòk yo".

Senatè Eta a, Alexis Weik, te deklare, "Mwen tèlman fyè pou m sipòte gwo Vilaj Lindenhurst la kòm benefisyè sibvansyon NY Forward, yon prim 4.5 milyon dola pou revitalizasyon anba lavil la. Majistra, Mike Lavorata, Administratè Vilaj la, RJ Renna ak asistan Konsèy Vilaj la, Katie McCaffrey te travay di pou jwenn sipò pou pote fon sa yo nan vilaj yo a. Majistra a te pote anpil nouvo chanjman ki favorab pou fanmi nan vilaj la, tankou retire yon bilding abandone pou kreye yon pak plas vilaj, yon lokal rasanbleman pou konsè, evènman amizan pou fanmi ak festivite Nouvèl Ane. Yo gen je yo fikse sou posibilite pou akeri ak retire yon ansyen tribinal pou ogmante cham ti vil sa a ki te vin tounen Lindenhurst. Fon sa yo pral pote bokou plis nan bèl vilaj la epi sètènman fè li yon tounen destinasyon".

Senatè Eta Patricia Canzoneri-Fizpatrick, te deklare, "Long Beach gen yon istwa long ak rich kòm yon kominote bèl ak dinamik bò lanmè sou rivaj Atlantik la. Resevwa fon NY Forward yo pral yon katalizè enpòtan pou ede plis revitalize zòn anba lavil Vil la bò lanmè a. Mwen vle remèsye Gouvènè Hochul paske li te travay avèk mwen pou bay kominote Long Beach sipò ekonomik".

Manm Asanble Kimberly Jean-Pierre te deklare, "Mwen fyè dèske yo te chwazi Vilaj Lindenhurst kòm yon gayan NY Forward. Vilaj Lindenhurst la gen yon anba lavil dinamik ak adapte pou pyeton ki te atire anpil moun nan zòn nan. Vilaj la te travay trè di pou fè amelyorasyon epi mwen kontan ke yo te rekonèt efò yo jodi a. Mwen apresye investisman Gouvènè Hochul fè nan kominote anba lavil nou yo ki pèmèt yo vin yon atraksyon pou ane k ap vini yo".

Manm Asanble Ari Brown te deklare, "Long Beach, se youn nan sèlman de vil nan Long Island, yon bèl kominote, ki rich nan divèsite ak istwa li. Long Beach te vrèman transfòmasyon pandan karant ane pase yo; mwen sonje nan kòmansman ane 1980 yo anpil kay ak vitrin magazen te abandone. Long Beach vrèman se yon jwayo kache, men sètènman ka itilize finansman sa a pou ede l transfòmasyon ak parèt kòm yon destinasyon bò lanmè klas mondyal. Mwen felisite Gouvènè Hochul pou efò li epi paske li te chwazi Long Beach kòm youn nan benefisyè NY Forward yo".

Prezidan Konsèy Vil Long Beach la, John Bendo, te deklare, "Nou vle remèsye Gouvènè Hochul ak Eta a pou investisman sa a. Long Beach ki gen ladan 35,000 rezidan epi ki se yon destinasyon prensipal pou vizitè yo pandan ete a, genyen yon distri komèsyal ki pwospè se bagay ki enpòtan pou siksè li. Avèk investisman istorik sa a, nou kapab kounye a konsantre sou yon renouvèlman ki nesèsè anpil nan distri biznis santral nou an, pou satisfè bezwen rezidan nou yo ak vizitè nou yo".

Majistra Vilaj Lindenhurst la, Michael Lavorata, te deklare, "Vilaj Lindenhurst kontan anpil pou li resevwa sibvansyon sa a! Mwen pa ka eksprime eksitasyon nou sou reyalizasyon enkwayab sa a. Mwen ta renmen remèsye Katie McCaffrey ak RJ Renna pou tout travay di yo. Mwen ta renmen espesyalman rekonèt Madam McCaffrey ki te dirije operasyon an ansanm ak fè prezantasyon an epi ki te ede plis angajman Vilaj la pou revitalizasyon anba lavil la kontinye! Se vrèman yon evènman istorik pou nou nan ane Santènè nou an epi pandan n ap avanse vè 100 pwochen ane nou yo".

Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal (Regional Economic Development Council, REDC) Long Island lan te fè yon pwosesis revizyon apwofondi epi konpetitif pou pwopozisyon kominote yo atravè rejyon an te soumèt, epi konsidere kritè ki anba la yo anvan ke yo rekòmande kominote sa yo kòm zòn ki nonmen:

Anba lavil la ta dwe konpak, avèk fwontyè byen delimitè ki gen ladan anba lavil la ki kapab pwofite investisman prive ak piblik alavni yo oswa katalize yo nan katye a ak zòn ki antoure li yo, kwasans travay ki resan oswa iminan, oswa ki toupre anba lavil la ki ka atire travayè yo nan anba lavil la ki sipòte reyamenajman epi fè kwasans dirab, epi anba lavil la dwe yon kominote atiran ak abitab pou divès popilasyon ki gen tout laj, revni, sèks, idantite, kapasite, mobilite ak orijin kiltirèl.

Anplis de sa, minisipalite a dwe deja anbrase oswa gen kapasite pou kreye ak aplike politik ki ogmante kapasite pou viv ak kalite lavi, mennen yon pwosesis angajman kominotè ki djanm epi ouvè ki ap abouti an yon vizyon pou revitalizasyon anba lavil ak yon lis preliminè pwojè ak inisyativ y ap kapab mete nan yon plan investisman estratejik. Limit yo gen ladan tou minisipalite ki te idantifye pwojè transfòmasyon ki pral pare pou egzekisyon akoutèm avèk yon enjeksyon fon NY Forward yo epi minisipalite a gen kapasite lokal pou jere pwosesis planifikasyon ak egzekisyon pwojè yo, ki gen ladan kapasite pou sipèvizè kontra pou pwojè minisipal ki jwenn sibvansyon yo.

Long Beach ak Lindenhurst pral kounye a kòmanse pwosesis elaborasyon yon Plan Investisman Estratejik pou revitalize anba lavil yo a. Yon Komite Planifikasyon Lokal (Local Planning Committee) ki gen ladan reprezantan minisipal yo, lidè kominotè yo ak lòt pati konsène yo pral dirije efò sa, epi y ap resevwa sipò nan men yon ekip espesyalis nan sektè prive a ak planifikatè eta a yo. Plan Investisman Estratejik la pral egzamine atou ak opòtinite lokal yo pou idantifye pwojè ki aliyen ak vizyon kominote a epi ki pare pou yo mete yo sou pye. Y ap akòde finansman pou pwojè yo chwazi ki soti nan Plan Investisman Estratejik la genyen pi bon potansyèl pou relanse revitalizasyon an epi kreye nouvo opòtinite pou kwasans alontèm.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418